

FOTO POU DEMANN TRAVAY OZETAZINI ALAVNI

Si ou vle travay Ozetazini, Sèvis Imigrasyon ak Sitwayènte dwe apwouve w (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS). Ou ka mande USCIS pèmision pou travay Ozetazini pandan ou ap depoze Fòm I-765, Aplikasyon pou Otorizasyon Travay. Si USCIS pran foto w jodi a, li ap pi fasil ak pi rapid pou USCIS travay sou Fòm I-765 ou lè ou depoze li. Si ou gen entansyon aplike pou otorizasyon pou travay, si w vle ou ka chwazi kite USCIS pran foto w kounye a.

Foto w yo fè jodi a PA vle di ou aplike pou otorizasyon pou travay. Pou aplike pou otorizasyon pou travay, ou ap toujou bezwen ranpli Fòm I-765. Fòm I-765 ak entriksyon sou kijan pou ranpli li sou sitwèb USCIS la sou <https://www.uscis.gov/i-765>.

Avi Sou Konfidansyalite DHS

OTORITE YO: USCIS kolekte enfòmasyon sa anba Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite, 8 U.S.C seksyon 1324a, ak 8 CFR 274a.13.

OBJEKTIF: Premye objektif pou pibliye enfòmasyon yo mande yo se detèmine kalifikasyon pou kèk moun ki pa sitwayen ki Ozetazini tanporèman mande yon Dokiman pou Otorizasyon Travay. DHS itilize enfòmasyon ou bay yo pou sibvansyon oswa refize avantaj imigrasyon ou ap chèche yo.

DIVILGASYON: Ou bay enfòmasyon yo yon fason ki volontè. Sepandan, piske ou pa t bay enfòmasyon yo mande yo, sa ka lakoz reta sou desizyon final sou aplikasyon ou an.

ITILIZASYON ABITYÈL: DHS gen dwa pataje enfòmasyon ou te bay yo ak lòt ajans gouvènmantral federal, leta, lokal, epi ajans gouvènman etranje ansanm ak òganizasyon ki gen otorizasyon depi dispozisyon ki gen pou we ak konfidansyalite yo pèmèt sa. DHS suiv woutin yo abitye itilize ki apwouve yo mansyone nan avi ki nan sistèm dosye ki gwoupe yo pibliye yo [DHS/USCIS/ICE/CBP-001 Dosye Etranje, Endèks, ak Suivi Dosye Nasyonal yo, DHS/USCIS-007 Sistèm Enfòmasyon sou Avantaj; DHS/USCIS-010 Enfòmasyon sou Azil ak Kontwòl davans; DHS/USCIS-017 Pwosesis pou Dosye Refijye ak Sistem Enfòmasyon pou Kontwòl Sekirite; DHS/USCIS-018 Kontwòl Byometrik ak Istorik nan Domèn Imigrasyon] ak Evalyasyon yo pibliye anrapò ak enpak sou lavi prive [DHS/USCIS/PIA-016(a) [DHS/USCIS/PIA-027 Divizyon pou Azil; DHS/USCIS/PIA-056 Sistèm Elektwonik Imigrasyon USCIS ak DHS/USCIS/PIA-068 Pwosesis Dosye Refijye ak Kontwòl Sekirite] ou ap kapab jwenn sou www.dhs.gov/privacy. DHS kapab pataje enfòmasyon yo tou si sa nesèsè, pou yo ka aplike lalwa oswa nan enterè sekirite nasyonal.